

Kisa w bezwen pou ranpli aplikasyon pou Asistans Siplemantè pou peye depans Plan Medikaman ak Preskripsiyan Medicare?

2012



Sekirite sosyal ansanm ak Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid yo ap kolabore pou ba w Asistans Siplemantè pou ede w peye depans plan medikaman ak preskripsiyan Medicare ou an. Si w gen resous ak revni ki limite, ou kapab jwenn Asistans Siplemantè pou ede w peye depans yo - prim mansyèl, franchiz anyèl ak ko-peman preskripsiyan - ki gen pou wè ak yon plan medikaman ak preskripsiyan Medicare. Yo estime Asistans Siplemantè a vo apeprè \$4,000 pa ane. Pou chèche konnen si w kalifye, Sekirite sosyal pral bezwen konnen valè ekonomi, envestisman, byen imobilye (pa liste kay ou) ansanm ak revni w. Si w marye epi ou rete nan menm kay ak konjwen w, n ap bezwen konnen enfòmasyon sa yo pou nou toulède.

Pou kapab kalifye pou benefisyé Asistans Siplemantè:

- Ou dwe abite nan youn nan 50 Eta yo oswa nan Distri Columbia;
- Resous ou yo pa dwe depase \$13,070 pou yon sèl moun oswa \$26,120 pou de moun marye ki rete nan menm kay la. Pami resous yo, gen bagay tankou kont labank, aksyon ak obligasyon. Nou **pa** konte kay, machin ak kèlkeswa kontra asirans-vi kòm resous; **epi**
- Revni anyèl ou pa ka depase \$16,755 pou yon sèl moun oswa \$22,695 pou de moun marye ki rete nan menm kay la. Menmsi revni anyèl ou pi wo, ou ka jwenn asistans kanmenm. Pami egzanp ki genyen kote revni ou ka pi plis, se si oumenm oswa konjwen ou:
 - Sipòte lòt manm nan fanmi an ki rete nan menm kay avèk ou;
 - Gen revni ou touche poutèt travay ou; oswa
 - Ou rete nan Alaska oswa Awayi.

Kijan pou mwen aplike?

Li fasil pou aplike pou Asistans Siplemantè. Annik ranpli *Aplikasyon pou Asistans Siplemantè pou depans Plan Medikaman ak Preskripsiyan Medicare* Sekirite sosyal lan (Fòm SSA-1020). Men kijan:

- Aplike sou Entènèt nan www.socialsecurity.gov/extrahelp;
- Rele Sekirite sosyal nan **1-800-772-1213** (Malantandan **1-800-325-0778**) pou aplike nan telefòn oswa pou mande yon aplikasyon; oubyen
- Aplike nan biwo Sekirite sosyal ki pi pre w lan.

Kisa mwen bezwen konnen?

Fèy travay ki sou paj opoze a kapab ede w deside si w elijib epi li kapab ede w ranpli vre aplikasyon pou jwenn Asistans Siplemantè. Fèy travay la **pa** yon aplikasyon. Pou kapab pare:

- Idantifye bagay ou genyen yo, bagay ki pou w ak pou konjwen ou oswa pou w ak pou yon lòt moun, men pa mete nan kay, machin ou (yo), kavo, kontra asirans-vi oubyen byen pèsònèl ou yo.
- Analize tout revni ou genyen.
- Rasanble dokiman ou yo davans pou kapab ale pi vit.

Ki dokiman kapab ede m pare davans?

- Etadkont ki montre balans kont ou nan labank, kès popilè oswa lòt enstitisyon finansye;
- Etadkont envestisman;
- Sètfika obligasyon;
- Deklarasyon enpo;
- Lèt ki ba w pansyon; ak
- Bout chèk salè.

Èske ajans Eta yo kapab ede m peye depans Medicare mwen yo?

Lè w depoze aplikasyon ou pou Asistans Siplemantè, ou kapab kòmanse pwosesis aplikasyon an tou pou pwogram Ekonomi Medicare yo – pwogram Eta a òganize ki founi asistans ak lòt depans Medicare. Sekirite sosyal pral voye Eta w enfòmasyon, eksepte si w di nou pa fè l sou aplikasyon pou Asistans Siplemantè a. Eta w pral kontakte w pou ede w aplike pou yon Pwogram Ekonomi Medicare.

Kijan mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou benefisyé Asistans Siplemantè pou peye depans plan medikaman ak preskripsiyan Medicare ou an, al gade nan www.socialsecurity.gov/extrahelp oswa rele Sekirite sosyal nan **1-800-772-1213** (Malantandan **1-800-325-0778**). Reprezantan Sekirite sosyal disponib pou ede w ranpli aplikasyon ou an. Aplike touswit pou kapab jwenn benefis yo pi vit.

Si w bezwen enfòmasyon konsènan Pwogram Ekonomi Medicare yo, plan medikaman ak preskripsiyan Medicare yo, sou fason pou enskri nan

(lòt bò a)

yon plan oubyen pou mande yon kopi tiliv la ki rele ***Medicare & You***, tanpri al gade nan www.medicare.gov oswa rele nan **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**; Malantandan **1-877-486-2048**). Pwogram Konsiltasyon pou Asirans Sante ak Asistans (State Health Insuranse

Counseling and Assistance Program SHIP) kapab reponn kesyon ou genyen osijè Medicare. Ou kapab jwenn enfòmasyon kontak pou SHIP ki pi pre w nan do tiliv Medicare ou an, sou Entènèt nan www.medicare.gov anba « Asistans ak sipò » oubyen ou kapab mande pou voye w li lè w rele nan biwo a.

Nou bezwen gen enfòmasyon sou resous ak revni w (ak pa konjwen w, si w marye epi nou rete nan menm kay la avèk li):

Resous	Valè
Kont labank, tankou kont kouran, ekonomi ak sètifikasi depo	\$ _____
Aksyon, obligasyon, ekonomi, fon mityèl, kont endividyèl pou retrèt (IRA) oswa lòt envestisman	\$ _____
Lajan kach ki lakay ou oswa nenpòt ki lòt kote	\$ _____
Nenpòt ki byen imobilye ki pa kay ou	\$ _____

Revni	Montan mansyèl
Benefis Sekirite sosyal	\$ _____
Benefis Retrèt Chemenfè	\$ _____
Benefis Ansyen Militè	\$ _____
Lòt pansyon ak anwite	\$ _____
Pansyon alimantè	\$ _____
Revni lokasyon nèt	\$ _____
Konpansasyon pou travayè	\$ _____
Lòt revni (pa egzanp, peman prive oswa Eta a bay pou andikap)	\$ _____

Revni	Montan anyèl
Salè	\$ _____
Revni nèt travayè endepandan	\$ _____

Ou ka mande yon moun pou l ede w lè w ap fè demach nan Sekirite sosyal. Nou pral travay avèk moun sa a, menm jan nou t ap travay avèk ou.



Social Security Administration

SSA Publication No. 05-10128-HC

What You Need To Complete The Application For Extra Help
With Medicare Prescription Drug Plan Costs (Haitian-Creole)
March 2012